

Sa a se kalandriye ane lekòl 2025-2026 pou tout lekòl leta NYCPS soti nan 3K rive klas 12yèm ane. Si pitit ou a nan yon lekòl prive, lekòl pawasyal, lekòl charter school, Sant edikasyon pou debitan NYC (NYCEEC) oswa nan yon pwogram gadri adomisil, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn enfòmasyon sou pwòp kalandriye yo. Tanpri sonje bagay sa yo:

- Nan jou lè bilding lekòl yo fèmen akòz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans, tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.
- Dat pou konferans paran-pwofesè pou lekòl endividyèl kapab diferan avèk dat ki pi ba yo. Pwofesè pitit ou a ap travay avèk ou pou pran randevou pou yon konferans.
- Nan orè sa a, yo defini **lekòl primè** kòm pwogram ki gen klas kindergarten (K) jiska 8yèm ane, ladan lekòl ki gen pwogram 3-K ak Pre-K, ansanm avèk sa yo ki fini nan klas 5yèm ane. Yo defini **lekòl presegondè** kòm pwogram ki gen klas 6yèm–8yèm ane, epi yo defini **lekòl segondè** kòm pwogram ki gen klas 9yèm–12yèm ane. Yo defini **lekòl 6-12** kòm pwogram ki gen klas 6yèm–12yèm ane nan menm lekòl la.

Dat	Jou lasemèn	Fanmi
4 septanm	Jedi	Premye jou lekòl
17 septanm	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
18 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
23–24 septanm	Madi–Mèkredi	Rosh Hashanah, lekòl fèmèn
25 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
2 oktòb	Jedi	Yom Kippur, pa gen lekòl
13 oktòb	Lendi	Jou eritaj italyen/Jou moun endijèn, lekòl fèmèn
20 oktòb	Lendi	Diwali, lekòl fèmèn
4 novanm	Madi	Jou eleksyon; pa gen lekòl pou elèv
6 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
11 novanm	Madi	Veterans Day, pa gen lekòl
13 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
20 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
21 novanm	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K–12 ak 6–12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè

27–28 novanm	Jedi–Vandredi	Vakans Thanksgiving, pa gen lekòl
24 desanm – 2 janvyè	Mèkredi–Vandredi	Vakans Ivè, pa gen lekòl
19 janvyè	Lendi	Jou Rev. Dr. Martin Luther King Jr, pa gen lekòl
20–23 janvyè	Madi - Vandredi	Egzamen Regents
26 janvyè	Lendi	Jounen devlopman pwofesyonèl; pa gen lekòl pou elèv ki ale nan lekòl segondè ak lekòl ki sèvi sèlman klas 6-12. Gen lekòl pou tout lòt elèv
27 janvyè	Madi	Sèmès prentan kòmanse
16–20 fevriye	Lendi–Vandredi	Vakans mwatye ivè: lekòl fèmèn
5 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè ak nan ak Sant Pre-K; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
12 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
18 mas	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
19 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K–12 ak 6–12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
20 mas	Vandredi	Eid al-Fitr, pa gen lekòl
2–10 avril	Jedi–Vandredi	Vakans Prentan, pa gen lekòl
6 me	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
7 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
20 me	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
25 me	Lendi	Memorial Day, lekòl fèmèn
27 me	Mèkredi	Eid al-Adha; pa gen lekòl
4 jen	Jedi	Jou Anivèsè/Jou konferans Chanselye pou fòmasyon estaf; pa gen lekòl pou elèv jou sa a.
5 jen	Vandredi	Jounen klerikal; pa gen lekòl pou elèv ki nan 3-K, Pre-K, lekòl primè, lekòl presegondè, lekòl K–12, ak pwogram otonòm D75.
17–26 jen	Mèkredi–Vandredi	Egzamen Regents (pa gen egzamen 19 jen)
19 jen	Vandredi	Juneteenth, pa gen lekòl
26 jen	Vandredi	Dènye jou lekòl pou elèv